मेवा मधुर मँगाय के अति हित अरपीऔन ना।
पुनि परम मिष्ट स्वादिष्ट विमल कमला जल दीऔन ना।।
नख शिख भूषण साजिकै आँखि काजर लगविऔन ना।
भाल तिलक भरपूर कै मुख पान पवविऔन ना।
जानि पुत्र निज प्रेम सँ परिछन करि लीऔन ना।।
पुलकित 'मोद' विनोद सँ आशिष दय दीऔन ना।
नयन नीरु हटि मंगल जानी। परिछन करहिं मुदितमन रानी।।

पद-८६

आपन सासु परिछन अइली राम रसिया, दुलहा निरेखत अइली।।
पितिया सासु परिछन अइली राम रसिया,घुघवा लटकवले अइलीं।।
अजिया सासु परिछन अइलीं राम रसिया, लोढ़वा घुमावत अइली।।
उपरोहितिन सासु परिछन अइलीं राम रसिया, दूर्वादल निछावर कइलीं
पंडिताइन सासु परिछन अइलीं राम रसिया, वेद मंत्र उच्चारत अइलीं।।

पद -८७

आनन्द आनन्द आजु शुभे हो। पूरण भये मन काजु शुभे हो।।
देखु दूलह रघुनन्द शुभे हो। सबहिन को सुखकन्द शुभे हो।।
रसिक जनन कहँ प्रान शुभे हो। सुखमा शील निधान शुभे हो।
दूर्वाक्षत न्यौछारू शुभे हो। दृष्टि सुधारि निहारु शुभे हो।।
दधि केशर दिअ भाल शुभे हो। सुख लूटिअ अलि माल शुभे हो।।
नील दिठौना लगाऊ शुभे हो। राई लवण न्यौछाऊ शुभे हो।।
अंजन आँजिय आँखि शुभे हो। चितवनि लियहिय राखि शुभे हो।।
बीड़ा सरस पवाऊ शुभे हो। अतर सुघ्रान कराऊ शुभे हो।।
सिलवन सेदिय गाल शुभे हो। लखि लखि होई निहाल शुभे हो।।
धन्य सिया सुख धाम शुभे हो। धन्य ई मिथिला ग्राम शुभे हो।।
जिन प्रसाद हम वाम शुभे हो। पाय घरहिं घनश्याम शुभे हो।
लए चलु आँगन मांहिं शुभे हो। चारों सुघर वर काहिं शुभे हो।
'मोद' छकी चली सँग शुभे हो। उमगित पुलकित अंग शुभे हो।

आरती पद -८८

सखि हे आरती उतारु रघुनन्दन दुलहा के।।
हीरा के हार मौर लर मोती हे, चपकन चारु बियहुती धोती हे।
देखु चरण महावर कर कंगन दुलहा के।। सखि.।।
नयन कजरवा अलक घुंघुराली काली,
कानवाँ में कुण्डल सोहे ओठवा पै पान के लाली,
चमके लिलरा पै लाल लाल चन्दन दुलहा के।। सखि.।।

मन्द मुसुकान भौंह तिरछी कमान हे,
जाकी कोई उपमा ना सकल जहान हे,
कोटि काम छवि बारौं अंग अंगन दुलहा के।।सखि.।।
धन्य धन्य मिथिला के सुकृत महान हे,
लाड़िली कृपा से पवलीं अइसन मेहमान हे,
अइसन बाँधू नाहीं खुले गठबन्धन दुलहा के।।सखि.।।

पद-८९

सब मिलि आरती हे उतारु, सखि हे अवध से ऐला प्रिय पाहुन।।
माई हे सुरभी गैया केर गोबर, घर घर अंगना हे निपाउ।
गजमोती चौक हे पुराउ, सोने के कलशा हे धराउ, सखि हे ओही रे,
कलशवा के ऊपर, माणिक दीयरा के जराउ, सुन्दर आसन हे लगाउ,
तेहि पर दुलहा के बैसाउ, सखि हे आजु प्रीतम घर पाहुन।।
कमला जल हे मँगाउ, दुलहा के चरण हे धुलाउ,
निरखि नयन हे जुड़ाउ, सब मिलि हिय में बैसाउ,
सखि हे आजु पूरन मन कामना।।
षट्रस भोजन हे मँगाउ, राम लखन के हे पवाउ,
सुन्दर चँवर हे डुलाउ, बीरा पानक पवाउ,
सखि हे मिथिला की नारी गुण आगरी।।
पंच सबद धुनि मंगल गाना । पट पांवड़े परहिं विधि नाना।।
करि आरती अरघ तिन्ह दीन्हा। राम गमन मण्डप तब कीन्हा।।

पद-९०

अलवेलो दुलहा रघुनन्दन देखत ही सब के मन बसि गये।।

कुसुमी पाग मौर शिर सोहैं, कज्जल नयन पान मुख लसि गये।
घुँघुरारी अलकें लटके शिर, पीत दुपट्टा पै मन बसि गये।।
पीताम्बर शुभ कटि में राजे, चरण महावर मोतियन गसि गये।
'द्विज' दुनियाँ मणि यह छवि निरखे, सो सो प्रेम के फन्दा में फँसि गये।।

पद -६१

राजकुमर वर चार री सखियाँ छवि लखि ले।।
माथे मणिन की मौर मनोहर, झलकत झालरदार री,
दीठोना निरख ले।
भाल विशाल केशर दधि अक्षत, कमल नयन कजरार री,
चितवनि अमि चख ले।।
ललित कपोल कलित कल कुण्डल, बुलकनि हुलनि बहार री,
हेरि हीय हरख ले।।
रूप यही सखि नयननि को फल, नाम इनहिं के सार री,
जपि जीह परख ले।।
सीय कृपा यह 'मोद' मिले तोहि, रघुवर प्राण अधार री,
अब आँखों में रख ले।।

मण्डप परिक्रमा -पद-६२

सुख लीजै सुख लेबैया सुखसार आप आ गये।
मिथिलेश आँगने में है चार आप आ गये।।
चारों के गर में चादर लक्ष्मीनिधि धय सादर।
सत फेर फिराते ही सर्वत्र साफ छा गये।।

मण्डप पर दुलहिन का आगमन

समउ विलोकि बशिष्ट बोलाए। सादर सतानन्द सुनि आए।।
बेगि कुँवरि अब आनहु जाई। चले मुदित मुनि आयसु पाई।।
सीय सँवारि समाजु बनाई। मुदित मंडपहिं चलीं लवाई।।

छं.- चलिल्याइ सीतहिं सखी सादर सजि सुमंगल भामिनी।
नव सप्त साजे सुन्दरी सब मत्त कुञ्जर गामिनी।।
कलगान सुनि मुनि ध्यान त्यागहिं काम कोकिल लाजहीं।
मंजीर नूपुर कलित कंकन ताल गति बर बाजहिं।।

दो.- सोहति वनिता वृन्द महँ, महज सुहावनि सीय।
छवि ललनागन मध्य जनु, सुषमा तिय कमनीय ।।

सिय सुन्दरता वरनि न जाई। लघु मति बहुत मनोहरताई।।

पद-६५

सिय मुखचन्द छवि छाई चहुँओर हे।
प्रेम सिन्धु अंगना में उठत हिलोर हे।।
बिबुध बिबुधतिय देखि भेलि भोर हे।
मिथिला के वासी सब आनन्द विभोर हे।।
जदपि मदन सन अवधकिशोर हे।
तदपि किशोरी मुख निरखि चकोर हे।।
कहथि 'स्नेहलता' दुहुँ करजोर हे।
आबू सिया हिया बिच हमर निहोर हे।।

जिसका है सब पसारा जो सारहूँ को सारा।
सो प्रेम बस विचारा कर सार के बँधा गये।।
अलियाँ उमंगि गावैं आगे रानी रंग गिरावैं।
सुर सुमन वृष्टि लावैं मन भाइ 'मोद' पा गये।।

चौ.- एहि विधि राम मण्डपहिं आए। अरघ देइ आसन बैठाए।।

दुलहा के द्वारा कन्या निरीक्षण पद -६३

देल कमल कर पल्लव आमक पल्लव हे।
चिन्हू बाबू चिन्हू धनि आपन देखु जनि भूलव हे।।
रघुकुल के एक रीति तकर सुधि राखव हे।
हरथि नहीं पर नारि से अखनहिं जानव हे।।
चारु ललन चख चंचल चित करइ डगमग हे।।
आइ असल थिक जाँच नृपति घर तिय लग हे।।
यद्यपि चारु कुमार कुलक पति राखल हे।
सखि सब देल हहार ललन कहि हारल हे।।
'स्नेहलता' हँसि कहल सतत हारि जायब हे।
मिथिलापुरी के व्यवहार पार नहिं पायब हे।।

पद - ६४

आहाँ चीन्हू यौ दुलहा अपन कनियाँ।
वाम दहिन भए वैसलि सुन्दरि, एकै पटोरतर दुई जनियाँ।।

'स्नेहलता' किय चित के चोरौलनि भोगथु अपन चित चोरी के फल।।

पद -६८

काँचहि सूत केरि डोरिया दुलरुआ बन्हाओल हे।
बिनु रे जतन चारु रतन अबुध तिय पाओल हे।।
मणिमय़ मूसर ललित कर कनक ऊखरि देल हे।
झमकि झमाझम छवि रस सजनि झहरि गेल हे।।
आठे चोटे चारो चितचोर बनाओल चाऊर हे।
लखि कर कंगन भेल सब नेह रस बाऊर हे।।
द्विजगन वेद उचार करय सब जय जय हे।
चितय सुन्दर वर जाहि पर सुधिबुधि बिसरय हे।।
आनन्द उमगि 'करील' अठौंगर गाओल हे।
निगम अगम सुख साज सुगम करि पाओल हे।।

पद-६६

चितचोरवा आजु बन्हौलनि ए, सब शान गुमान गमौलनि ए।।
ई चितचोरवा के सिरमनि मौरवा, छोरवा छवि छहरौलनि ए।।
ई चितचोरवा के चोखी दृगकोरवा, पार करेजवा के कैलनि ए।।
ई चितचोरवा के लालीलाली ठोरवा, मन मोरवा के भर-मौलनि ए।।
चोरवा के आठो अंग बान्हू कसिडोरवा, उधम अथोरवा मचौलनि ए।।
सोने के ऊखरवा मणिन के मुसरवा, आठे चोटे चउरवा बनौलनि ए।।
सेहेरे चउरवा बन्हाय शुभ करवा, सिय प्यारी बरबा कहौलनि ए।।
चोरवा के भाग्य पर 'मोद' बलिहरवा, शुभ अठौङ्गरवा गौलनि ए।

पद–६६

हमर अपने किशोरी छथि सुन्दर एहन।
नहिं पायब कतहुँ हेरू चौदह भुवन।।
हिनका संग में पाहुनजी लगै छथि केहन।
जेना राति इजोरिया में नील गगन।।
हिनका देखिते पाहुँनजी मोहैला एहन।
भूलि गेला अवधपुर के मंगल भवन।।
सखि हे मन मुसुकाइ छथि नृपति सुवन।
रूप लखिते भेलनि मन आनन्द मगन।।
'पटरानी' सखी के सुफल भेल जीवन।
कहाँ पवितहुँ एहन अनमोल रतन।।
एहि विधि सीय मण्डपहिं आई।
प्रमुदित सांति पढ़हिं मुनिराई।।
तेहि अवसर कर विधि व्यवहारू।
दुहुँ कुलगुरु सब कीन्ह अचारू।।

अठौङ्गर पद –६७

अनका कहल किय अयला महल चारु लालन के पूछियौन हे।
बान्हू सखी कसि बन्धन प्रबल कसि लालन के बन्हियौन हे।।
मिथिला में घूमि घूमि टेढ़ो देखौलनि आइये घुसरतैन्ह शेखी सकल।।
चौदह भुवन जे अनका बन्हैछथि बूझथु कतेक मैथिलानी में बल।।
बान्हि तखन दिऔन ऊखर मुसरवा आठ चोट गनि कूटथि।
सम्हलि आइ धनमां कुटवियौन हे।।

पद–१००

सरसो के कली सिया जोति महान हे,
तीसी फूल, रंग दुलहा सोहान हे।
हियरा दिअटिया में नेहिया चुआन हे,
रस रस, प्रान बतिया जरान हे।।
छवि माधुरि रस झहरि झहरान हे,
भींजि भींजि, सब सखियाँ नहान हे।।
सब जग भरत अन्हरिया महान हे,
मोर अँगना, उगल चार चार चान हे।।
जेकरा लागी जोगी मुनि बनमें धरे ध्यान हे,
सोई प्रभु, मोरा अँगना कूटे धान हे।।
पाओल 'करील' ऐसन मेहमान हे,
अब किछू, नहिं हिया अरमान हे।।

पद –१०१

मिथिला के नतवा से बढ़ि गेलै शान रे।
हमरा नै चहिय पाहुन जोग जप ध्यान रे।।
मिथिला जनम भेल सुकृत महान रे।
लाड़िली कृपा सँ पैलों आहाँ सन मेहमान रे।।
जिनकी कृपा से छूटै त्रिगुन महान रे।
तिनका के कैलों हम गाँठि से बंधान रे।।
हमरा नै चाहिए पाहुँन धनुष अरु बान रे।
हमरा तो चाहिए पाहुँन मन्द मुसुकान रे।।

विश्वम्भर छथि विदित जहान रे।
लाड़िली के अँगना में कूटै छथि धान रे।।

दुलहिनक नहछू पद - १०२

नहछू करत लखि नाउनी नवेली सुरतिय तरसै लगलनि,
निरखि नाउनी के सुभाग।।
सिय पदकंज चूमि आनन्द में झूमि, हिय अति हरषै लगलनि,
उमगि उमगि अनुराग।।
लखि नख छीलनि सुललित नहरनी, सुरगन बरषै लगलनि,
सुरतरु सुमन सुहाग।।
सरस सनेह काछि रंगि रंग रंगलनि पगतल परसय लगलनि,
दिय नेग निज पिय लाग।।
लाड़िली सुरुख लखि मगन नउनियाँ सबके दरसय लगलनि,
रोम रोम 'मोद' प्रेम पाग।।

पद-१०३

जखने सिया के पग छुअल नउनियाँ हे जै.जै कहु सिया के,
लछमी विराजे हजमा द्वार।।
एक दुई तीनि चारि नव नख छीले हे जै., नवमणि से भरल भण्डार।।
अन्तिम सुनख छीलि सिया मुख ताके हे जै., मनि घर सोने के देवार।।
बहुरि सुनैना दिसि निरखे नउनियाँ हे जै., देल दसलखवा गरके हार।।
मुदित 'सनेह' भरि घर गेल नउनियाँ हे जै., दुअरे पर झूलैं गज हजार।।

दुलहाक नहछू-पद-१०४

हे यो पाहुन कृपा कएक चरण पंकज कनेक दीय।
ललित नख छीलि दुर्लभ लाभ शुभ लोचन के हम लीय।।

हमर महतीनि के कन्या परमधन्या सिया भेली।
जनिक परसाद सँ अपनहुँ जुड़ा रहलौं सबहिं जीय।।
धनुष के टूक कैलौं बात से कछु मन में जनि राखी।
अनायासहिं ऐली उठवैत बालहिंपन सँ श्रीसीय।।
नृपति छथि गोर अपने श्याम से चरचा शहर भरि में।
कहै छथि सब कहू कोना कहैत सकुचाइत अछि जीय।।
नहछु के नेग में सरकार एतवै दिय दयालू होय।
नाऊ संग में बसथि शान्ती वो हम भरि 'मोद' संग पीय।।

पद -१०५

नौह काटू नउनियाँ सुमंगल घड़ी।
तोहरा देवउक हम मणिक मुनरिका, हजमा के देव कर कंचन छड़ी।।
पद पंकज लै निज करतल में, निरखे नउनियाँ नजर गहरी।
कोमल कमल सन लालन के अंग अंग, कोमल कोमल सुन्दर अँगुरी।।
या पद रज किमि तारे अहल्या, येहि पद में कोन जादू भरी।
'स्नेहलता' नख लागे नहरनी धन धन नउनियाँ जनम तोहरी।।

पद -१०६

चरण सरोज धरि मचले नउनियाँ सुनु हे राघोजी,
दिय किछु नहछु कराई।।
हमरा नै चाही किछु साड़ी चूड़ी आँगी सुनु हे राघोजी,
नहिं चाहीं कंचल बिदाई।।
शृंगी संगे शान्ता सुख बहुत उठौलनि सुनु हे राघोजी,
चाही आव नौवा से सगाइ।।

बूढ़ दशरथजी के तीन पटरानी सुनु के राघो जी,
हजमा के एको न उपाइ।।
मांगथि 'सनेहलता' चतुर नउनियाँ सुनु हे राघोजी,
मन में बिचारू चारू भाई।।

पद -१०७

नउनियाँ के हाथे कनक नहरनी वदन निरेखे दुलहा राम के।
हमतोही पुछिले रामचन्दर दुलहा साँचे बोल बात हे।।
काहे बड़का दुलहा साँवर सँझिला दुलहा गोर हे।
काहे मंझिला दुलहा साँवर चुलबुलवा दुलहा गोर हे।।
ई सुनि बोल ले शत्रुहन दुलहा नउनियाँ सुनु बात हे।
काहे मरद तोर साँवर ते काहे गोर हे।
नोह काटु नोह काटु नाउनि अंगुरी जनि काटु हे।
सुनि मृदु बचन नउनियाँ हँसत मुँह मोर हे।।

पद-१०८

एहन स्वरूप कहाँ पौलौं अलबेला यो अवधेशी छैला,
हेरिते हरै ए हमर प्राण।।
काजर कएल आँखि जुलुम करैए यो. मोरैए मदन मन मान।।
जुलफक फाँस में फसौलौं पुरवासी यो., गाँसी मारि मन्द मुसुकान।।
स्वामिनी सियाके संग मिथिले निबसियौ यो., 'मोद' उर एहे अरमान।।

देव पूजा

छन्द- आचारु करि गुरु गौरि गनपति मुदित विप्र पुजावहीं।

सुर प्रगटि पूजा लेहिं देहिं असीस अति सुख पावहीं।।
मधुपर्क मंगल द्रव्य जो जेहि समय मुनिमन महुँ चहैं।
भरे कनक कोपर कलस सो तब लिएहिं परिचारक रहैं।।
कुलरीति प्रीति समेत रवि कहि देत सब सादर कियो।
एहि भाँति देव पुजाइ सीतहिं सुभग सिंहासन दियो।।
सिय राम अवलोकनि परसपर प्रेम काहु न लखि परै।
मन बुद्धि वर वानी अगोचर प्रगट कवि कैसे करै।।
दो.- होम समय तनु धरि अनल अतिहित आहुति लेहिं।
विप्र वेष धरि वेद सब कहि विवाह विधि देहिं।।

दुलहा का चरण प्रक्षालन

बर विलोकि दंपति अनुरागे,पाय पुनीत पखारन लागे।
लागे पखारन पाय पंकज प्रेमतन पुलकावली।
नभ नगर गान निसान जय धुनि उमगि जनु चहुंदिशि चली।।
जे पद सरोज मनोज अरि उर सर सदैव विराजहिं।
जे सकृत सुमिरत विमलता मन सकल कलिमन भाजहीं।।
जे परसि मुनि वनिता लही गति रही जो पातक मई।
मकरन्द जिन्हको संभु सिर सुचिता अवधि सुर वरनई।।
करि मधुप मुनिमन जोगिजन जे सेइ अभिमत गति लहैं।
ते पद पखारत भाग्य भाजन जनक जय जय सब कहैं।।
वर कुँवरि करतल जोरि शाखोच्चार दोउ कुलगुरु करैं।

शाखोच्चारः वर पक्षे

ॐ शान्तिः शान्तिः शान्तिः जामातृ दक्षिण करोपरि कन्या
दक्षिण करन्निधाय शाखोच्चारः कर्त्तव्यः।

सुरुचिरजलदाभं भावनाभावगम्यं
कनकनिकरभास्वज्जानकीवामभागम्।
स्मितशुचिमुखकान्तं कामिनी कामकारं
वर हृदय सरोजे नौमि रासेश्वरन्तम्।।

स्वस्ति श्रीशरदिन्दुविन्दुमन्दमन्दार वृन्दारक शृँगार स्यन्दस्यन्द-वंद्यवन्दारुमारस्फारस्फूर्ति फलकालकावलीक तिलकालभालार्द्रदीप्तद्युति व्याप्त पर्याप्त पटलीक सन्निहित संविदा धारैक वर्तुलाकार कमनीय कपोल देदीप्यमान स्वच्छ प्रत्यक्ष लक्ष्यलक्षण विलक्षणादर्शकृतकरणावतंस द्वैफणीशदोरंसान्तराल लुलितलुण्ठनासक्त शक्ति खराशुँ विशितांशु ब्रह्माण्डभाण्डोदरी चञ्चलचमत्कार शाल्युन्मिलिता दक्षाक्षिघूर्णिताऽघटघटना पटीयो मनुमहाराजाधिराजहंसवंशावतंश मतिमत्सततसुखापारपारावार धराधरोत्तु ङ्गरसाधार मधुर धुरन्धर नर नटवर नागरतर कविगुरुगणपदविफण्युपम मायापति रतिपति चक्षुर्झषझखमारण मृगकञ्जखञ्जखञ्जननिरंजनाञ्जनाम्बलीढाम्बकाऽऽनुकोश कटाक्षाश्रयोपयुक्तानुरक्त भक्तभूपालेन्द्र कोशलेन्द्रमणि रामनामाभिराम गुणगृणत्कण्ठितानन्दकन्दामन्द पद द्वन्द्वाब्जं विजयतेतराम्।

अव्यक्त प्रभवो ब्रह्मा शाश्वतो नित्य अव्ययः।
तस्मान्मरीचिः संजज्ञे मरीचेः कश्यपः सुतः।।

विंवस्वान्कश्यपाजज्ञे मनुर्वैंवस्वतः स्मृतः।
मनुः प्रजापतिः पूर्वमिक्ष्वाकुश्च मनोः सुतः।।
इक्ष्वाकोस्तु सुतः श्रीमान्कुक्षिरित्येव विश्रुतः।
कुक्षेरथात्मजः श्रीमान्विकुक्षिरुपद्यत।।
विकुक्षेस्तु महातेजा बाणःपुत्रः प्रतापवान्।।
बाणस्यतु महातेजा अनरण्यः प्रतापवान्।
अनरण्यात्पृथुर्जज्ञे त्रिशंकुस्तु पृथोः सुतः।
त्रिशंकोरभवत्पुत्रो धुन्धुमारो महायशाः।
धुन्धुमारान्महातेजा युवनाश्वो व्यजायत।
युवनाश्वसुतश्चासीन्मान्धाता पृथिवीपतिः।।
मान्धातुस्तु सुतः श्रीमान्सुसन्धिरुदपद्यत।
सुसन्धेरपि पुत्रौ द्वौ ध्रुवसन्धिः प्रसेनजित्।।
यशस्वी ध्रुवसन्धेस्तु भरतो नाम नामतः।
भरतात्तु महातेजा असितो नाम जातवान्।।
द्वे चास्य भार्ये गर्भिण्यौ वभूवतुरिति श्रुतिः।
एका गर्भविनाशार्थं सपत्न्यैं सगरं ददौ।।
सपत्न्या तु गरस्तस्यै दत्तो गर्भजिघांसया।
सह तेन गरेणैव संजातः सगरोऽभवत्।।
सगरस्यासमञ्जस्तु असमञ्जादथांशुमान्।
दिलीपोंऽशुमतः पुत्रो दिलीपस्य भगीरथः।
भगीरथात्ककुत्स्थश्च ककुत्स्थस्य रघुः सुतः।
रघोस्तु पुत्रस्तेजस्वी प्रवृद्धः पुरुषादकः।।

कल्माषपादोऽप्यभवत्तस्माज्जातस्तु शंखणः।
सुदर्शनः शंखणस्य अग्निवर्णः सुदर्शनात्॥
शीघ्रगस्त्वग्निवर्णस्य शीघ्रगस्य मरुः सुतः।
मरोः प्रशुश्रुकस्त्वासीदम्बरीषः प्रशुश्रुकात्॥
अम्बरीषस्य पुत्रोऽभून्नहुषः पृथिवीपतिः।
नहुषस्य ययातिश्च नाभागस्तु ययातिजः॥
नाभागस्य बभूवाजो अजात् दशरथोऽभवत्।

तस्यपुत्रः सुठि माधुर्यमूर्ति सौम्य श्रीरामचन्द्रः, राशिनाम हिरण्यनाभ इति।

सूर्यवंशावतंस सच्चिदानन्दघन परात्परपूर्णब्रह्म परेश समस्त लोक लोचनाभिराम सुखधाम परमोदार परब्रह्म परमात्मा।

स्वस्ति श्रीमत्सकल जगदघध्वंसन परमोदार विनोदविचार सदाचार सच्छास्त्राध्ययन विद्वज्जनगोष्ठीप्रकाश वशिष्ठगोत्र वाशिष्ठैक प्रवर श्रीमन्नाभागवर्मणः प्रपौत्रः १, श्रीमदजवर्मणः पौत्रः २, श्रीमद्दशरथवर्मणःपुत्र ३,. प्रयतपाणिः शरणं प्रपद्ये। स्वस्ति सुवासोभूषयोर्वरकन्ययोर्मंगलमास्ताम्। इति वर पक्षे वारत्रयं पठेत्॥

अथ कन्या पक्षे

ॐ शान्तिः शान्तिः शान्तिः

जयति जनकजायाः पादपद्मं मनोज्ञं
हरिहर विधिवंद्यं साधकानां सुसेव्यम्।
नखर निकरकान्तं मुद्रिका नूपुराद्यैः,
वर मुनि हृदि मध्ये योगयोगीश भाव्यम्॥

ॐ सिद्धि श्रीसर्वेश्वरी पदपद्मपराग मकरन्दास्वादित द्विरेफ स्फूर्तिस्फार फलकालभालालबाल तिलकावलीक वर विलसत् वियद्रसाधरणीधुरेन्द्र द्रुहिणपरहीन पटुतैक प्रभुतालताऽमुधा मुधावसुध ।ातलोत्तुङ्ग तमालतारुण्यतर सञ्चिताकुञ्चित मेचक कचान्वितमुख सुषमा-अपार नटवरमणिनागर दशरथ कुमार जानकी सुखसञ्चित भ्रमरो विजयतेतराम् ।।

राजभूत्त्रिषु लोकेषु विश्रुतः स्वेन कर्मणा ।।
निमिः परम धर्मात्मा सर्वसत्त्ववतां वरः ।
तस्य पुत्रो मिथिर्नाम मिथिला येन निर्मिता ।।
प्रथमो जनको नाम जनकादप्युवसुः ।
उदावसोस्तु धर्मात्मा जातो वै नन्दिवर्धनः ।।
नन्दिवर्धनपुत्रस्तु सुकेतुर्नाम नामतः ।
सुकेतोरपि धर्मात्मा देवरातो महाबलः ।।
देवरातस्य राजर्षेर्वृहद्रथ इति स्मृतः ।
वृहद्रथस्य शूरोऽभून्महाबीरः प्रतापवान् ।।
महाबीरस्य धृतिमान्सुधृति सत्यबिक्रमः ।
सुधृतेरपि धर्मात्मा धृष्टकेतुः सुधार्मिकः ।।
धृष्टकेतोस्तु राजर्षेर्हर्यश्व इति विश्रुतः ।
हर्यश्वस्य मरुः पुत्रो मरोः पुत्रः प्रतिन्धकः ।।
प्रतिन्धकस्य धर्मात्मा राजा कीर्तिरथः सुतः ।
पुत्रः कीर्तिरथस्यापि देवमीढ़ इति स्मृतः ।।
देवमीढस्य बिबुधो बिबुधस्य महीध्रकः ।
महीध्रक सुतो राजा कीर्तिरातो महाबलः ।।

कीर्तिरातस्य राजर्षेर्महारोमा व्यजायत।
महारोम्णस्तु धर्मात्मा स्वर्णरोमा व्यजायत।।
स्वर्णरोम्णस्तु राजर्षे ह्रस्वरोमा व्यजायत।
ह्रस्वरोम सुतः श्रीमान् शीरध्वज इति स्मृतः।।
(श्रीमद्बाल्मीकिरामायणे)

तस्य पुत्री सुजवसुकुमारांकुरजिता सौम्या श्रीसीता राशिनामहेमलतिका। निमिसूर्यकुल चूड़ामणि सुनयना प्रियमाधुर्य मिश्रितैश्वर्यालंकारालंकृता निजपति परिचर्या विलासिनी जगदीशिनी शर्वरीशिनी परमपरमेश्वरी। स्वस्ति श्रीमत्सदाचाराचरण परिलब्ध गरिष्ठादि मुनिगण जेगीयमान यशश्शरच्चन्द्रकरधवलीकृत जगत्त्रयस्य गौतम गोत्रस्य गौतमाङ्गिर साप्यायेति त्रिप्रवरस्य श्रीमत्स्वर्णरोमवर्मणः प्रपौत्रीं १, श्रीमत् ह्रस्वरोमवर्मणः पौत्रीं २, श्रीमत् शीरध्वज वर्मणः पुत्रीं ३, प्रयतपाणिः शरणं प्रपद्ये। स्वस्ति सुवासोभूषयोर्वरकन्ययोर्मंगलमास्ताम्। इति कन्यापक्षे वार त्रयंपठेत्।।

पाणिग्रहण

इयं सीता मम सुता सहधर्मचरी तव।
प्रतीच्छ चैनां भद्रं ते पाणिं गृहीष्व पाणिना।।

छ.- भयो पानि गहन विलोकि विधि सुर मनुज मुनि आनन्द भरैं ।।
सुखमूल दूलह देखि दम्पत्ति पुलक तन हुलस्यो हियो।
करि लोक वेद विधान कन्यादान नृप भूषण कियो।।
हिमवन्त जिमि गिरिजा महेसहिं हरिहिं श्रीसागर दई।

तिमि जनक रामहिं सिय समरपी विस्व कल कीरति नई।।
क्यों करै विनय विदेह कियौ विदेह मूरति साँवरी।
करि होम विधिवत गाँठि जोरी होन लागी भाँवरी।।

दो. जय धुनि वंदी वेद धुनि मंगल गान निसान।
सुनि हरषहिं वरषहिं विवुध सुरतरु सुमन सुजान।।

कन्यादान पद -१०६

धनि धनि सुनयनाजी के अंगनमां दुलहिन दुलहनमां।।
मिथिला के मान सरोवर मण्डप अति पावन सुन्दर,
ताही बिच हंसिन ओ हंसनमां।।
एक दिशिमौरिया लर बाढ़े, एक दिशि घूंघट पट काढ़े,
तरेतर नयना के छिटकनमां।।
दूनू के सजीवन मूरी भेल छथि सियाजी के चूरी,
सरसिज पर सरसिज के सुमनमां।।
फाटक विदेहक छतिया पागल 'सनेहक' गतिया,
कौने विधि गावैं पानि गहनमां।।

पद -११०

जँघिया चढ़ाय बाबा बैसला मण्डप पर बाबा करू न धीया दान हे।।
वर करकंज तर लली कर ऊपरताही में सोहत फूल पान हे।
गुरु वशिष्ठजी मन्त्र उचारथि मंत्र पढ़त श्रीराम हे।।
दूनू कुल के नाम धरावल अग्नि के साक्षी रखावल हे।
सब सखियन मिलि मंगल गावैं फुल बरसत देव बहु बार हे।।
सुसुकि सुसुकि रोवैं मातु हे सुनयना इहो बेटी छल मोर परान हे।
जाही बेटी लागि हम नटुवा नचौलौं सेहो बेटी भेल मोर विरान हे।।

चुपे रहु चुपे रहु मातु हे सुनयना इहे थिक जग व्यवहार हे।
हम कोना चुपे रहू सखि हे सहेलिया बेटी बिना कोना राखब प्रान हे।।

पद –१११

त्रिभुवन पति रामचन्द्र वर सखि मन रंजन हे।
ललना हे दुलहिन सिया सुकुमारि पड़ल गठबन्धन हे।।
प्रेम फाँस थिक बन्धन आमक कंगन हे।
ललना हे कनकवेलि सिया ताग सुमान रघुनन्द हे।।
वर दुलहिन एक संग वैसल सुभ आसन हे।
ललना हे सुरगन बरसत फूल बजत नभ बाजन हे।।।
'लतिका सनेह' सोहागिन गावति मंगल हे।
ललना हे युगे युगे जीवे चारु दम्पत्ति मिथिला सुमंगल हे।।

भाँवरी

कुँअर कुँअरिकल भाँवरि देही। नयन लाभ सब सादर लेही।।
जान न बरनि मनोहर जोरी। जो उपमा कछु कहौं सो थोरी।।
राम सीय सुंदर प्रतिछांही। जगमगात मनि खंभन्ह मांही।।
मनहुं मदन रति धरि बहुरूपा। देखत राम विआह अनूपा।।
दरस लालसा सकुच न थोरी। प्रगटत दुरत बहोरि बहोरी।।
भए मगन सब देखिनहारे। जनक समान अपान विसारे।।
प्रमुदित मुनिन्ह भाँवरि फेरी। नेग सहित सकब रीति निवेरी।

पद –११२

चारों दुलहा देहिं भामरिया ए, संग सोहति दुलही नागरिया ए।।
श्याम गौर गौर श्यामा चारों जोड़ा जोड़िया,हरे हरे होत चहुँओरिया।।

शिरनि पै सोहै मणिन मौर मौरिया,दामिनि की छवि छीनै छोरिया।
रतनारी कजरारी अजब अँखरिया,लखितहिं करे बेखबरिया।।
अंचल चदरिया में परी है गठरिया,बांधे हैं कि बूटी बस करिया।।
नवरंग मणिन की सुपली सोहरिया,लावा छिरियावैं भरि भरिया।।
उमगि उमगि गावैं अलिगन गरिया, सुख सरसत बेसुमरिया।।
जयति जयति जय जय होत सोरिया, सुर करैं सुमन की झरिया।।
परैं मनि खम्भन्हि में दम्पति छहरिया,जागै जोति जगरमगरिया।।
मानो रति पति जानि पितु महतरिया, प्रगटि दुरत बेरि बेरिया।।
फूली न समाति लखि 'मोदिया' किंकरिया,ललीलाल लखनि लजोरिया।।

पद -११३

ई छैला अवध के अन्हरिया, हमार सिया पूनम अँजोर।।
सिय छवि छाँह छुअत वसनन्हि छनि, हरियर होत सँवरिया।।
घूँघट ओट छटा छिन निरखत, विसरत देन भँवरिया।।
सहमि सकुचि झुकि उझकि चकित चलि, चाहत छवि दृग भरिया।।
मनि खम्भन्ह प्रतिबिम्ब कबहुं लखि, टारत नाहिं नजरिया।।
भाँवर देत जोरि अनुपम छवि, लखि 'करील' बलिहरिया।।

सिन्दुर दान

राम सीय सिर सेन्दुर देहीं। नयन लाभ सब सादर लेहीं।।
अरुन पराग जलज भरि नीके। ससिहिं भूष अहि लोभ अमीके।।

पद-११४

कौने नगर के सिन्दुरिया सिन्दुर बेचे आयल हे।

आगे माइ कौने नगर के कुमारी धीया सिन्दुर बेसाहल हे।।
अवध नगर के सिन्दुरिया सिन्दुर बेचे आयल हे।
मिथिला नगर के कुमारी धीया सिन्दुर बेसाहल हे।।
कौने रंग रसिया जे बरवा से सिन्दुर चढावल हे।
कौने धिया वारी सुकुमारी से सिन्दुर सँवारल हे।।
श्याम रंग रसिया जे बरवा से सिन्दुर चढ़ावल हे।
सिया धीया वारी सुकुमारी से सिन्दुर सँवारल हे।।
जय जय होत चहुँओर सुमन बरसावल हे।
'कदमलता' पद गावल सुनि सुख पावल हे।।

पद-११५

प्रिय पाहुन सिन्दुर दान करू।
ई अवसर नहिं लाज करक थिक एखनन किछु हठ मान करु।।
लिय सिन्दुर कर कमल मुदित चित हमर कथा किछु कान धरु।
लग्न मुहूर्त्त सुमंगल एखन अब न विलम्ब महान करू।।
गाइनिगन अहूँ तानि मधुर धुनि शुभ शुभ मंगल गान करू।
'दामोदर' विधि आजु मुदित चित वर कन्या कल्यान करू।।

दूर्वाक्षत

ॐ आब्रह्मन् ब्राह्मणो ब्रह्मवर्च्चसी जायतामाराष्ट्रे राजन्यः शूर इषव्योऽतिव्याधी महारथो जायताम् दोग्ध्रीधेनुर्वोढ़ाऽनड्वानाशुः सप्तिः पुरन्ध्रिर्योषा जिष्णू रथेष्ठा सभेयो युवाऽस्य जयमानस्यव्वीरो जायताम्। निकामे निकामे नः पर्जन्यो वर्षतु फलवत्यो नः ओषधयः पच्यन्ताम्। योगक्षेमो नः कल्पन्ताम्।।

मन्त्रार्थाः सिद्धयः सन्तु पूर्णाः सन्तु मनोरथाः।
शत्रुणां बुद्धिनाशोऽस्तु मित्राणामुदयस्तव।।

चुमावन पद - ११६

दुलहा दुलहिन के धीरे चुमा दियौन हे, आनन्द रस वरषा दियौन हे।।
रतन मणिन केर डाला बनाओल, दुभि औ धान सँ भरा दियौन हे।।
दूर्वाक्षत कर लीय मुनिन्ह सब, वेदक मन्त्र सुना दियौन हे।।
डाला परसि परसि दम्पति के, मंगल गावि चुमा दियौन हे।।
चिर जीवथु प्रीतम 'पटरानी' सब मिलि आशीष मना दियौन हे।।

चुमावन पद - ११७

चुमावत हो ललना धीरे धीरे।
कंचन थार सम्हार सुआरती घुमावत हो ललना धीरे धीरे।
मंगल गाइ सुनयना जी आई चुमावत हो ललना धीरे धीरे।।
सरहोज आई महल से दौरी बजावत हो बिछिया धीरे धीरे।
'प्रेम' सहित सेकि सेकि कपोलन रिझावत हो दुलहा धीरे धीरे।।

मण्डप की झाँकी

बहुरि वशिष्ठ दीन्ह अनुसासन। वर दुलहिनि बैठे एक आसन।।
छ.- बैठे बरासन राम जानकी मुदित मन दशरथ भए।
तन पुलक पुनि पुनि देखि अपने सुकृत सुरतरु फल नए।।
भरि भुवन रहा उछाह राम विवाह भा सबहीं कहा।
केहि भाँति वरनि सिरात रसना एक यह मंगल महा।
तब जनक पाइ वशिष्ठ आयसु व्याह साज सँवारिकै।

मांडवी श्रुतकीरति उरमिला कुँवरि लई हँकारिकै।
कुसकेतु कन्या प्रथम जो गुन सील सुख सोभा मई।
सब रीति प्रीति समेत करि सो व्याहि नृप भरतहिं दई।।
जानकी लघु भगिनी सकल सुन्दरि सिरोमनि जानिकै।
सो तनय दीन्हीं व्याहि लखनहिं सकल विधि सनमानिकै।।
जेहि नाम श्रुतकीरति सुलोचनि सुमुखि सब गुन आगरी।
सो दई रिपुसूदनहिं भूपति रूप सील उजागरी।।
अनुरूप बर दुलहिनि परस्पर लखि सकुच हियँ हरषहीं।
सब मुदित सुन्दरता सराहहिं सुमन सुरगन बरषहीं।।
सुन्दरीं सुन्दर बरन्ह सह सब एक मंडप राजहीं।
जनु जीव उर चारिउ अवस्था विभुन सहित विराजहीं।।

दो. मुदित अवधपति सकल सुत बधुन्ह समेत निहारि।
जनु पाये महिपाल मनि क्रियन्ह सहित फल चारि।।

मण्डप की झाँकी पद -११८

सोभित सीताराम कनक मण्डपतरे।
सिर सोने को मौर मंजु मुक्ता गरे।।
परसत अमल कपोल सुमुक्ता मौर के।
राजिवलोचन लोल कमल मानो भोर के।।
सुरंग चूनरी के निकट पीत पट छुइ रह्यो।।
मनहुँ अरुन घन मध्य चपलता चुइ रह्यो।।
सिय भूषण प्रतिबिम्ब राम छबि उर धरे।

मनहुँ जमुन जल मध्य दिव्य दीपक बरे।।
राम भुजा के निकट सीय भुज यों लसे।
मरकत मनि कर खंभ मनहुँ कंचन कसे।।
राम भये घनश्याम सिया भइ दामिनी।
मुनि भये चन्द चकोर चकित भइ भामिनी।।
राम भये तन गौर सिया भई साँवरी।
सारद सी बुधिबन्त बधू भइ बाबरी।।
पुष्पन वरसत मेघ मेदिनी थर हरे।
होत जनकपुर व्याह राम भाँवरि फिरे।।
सुर नर मुनि आनन्द सुमन बरषा करे।
सिव ब्रह्मादिक देव मुदित जय जय करे।।
राम सिया को ध्यान सदा शंकर धरे।
ब्रह्मा रूप निहार इन्द्र पूजा करे।।
यह छवि युगलकिशोर सु मुनिजन ध्यावहीं।
लखि लखि विमल विनोद वेद जस गावहीं।।
जो यह मंगल गावहिं गाय सुनावहीं।
परसि सिया पद पद्म परम पद पावहीं।।
तुलसी सीताराम सदा उर आनिये।
राम भजन बिन जन्म वृथा करि मानिये।।

पद -११६

नारि सुभग मण्डपतर मंगल गावहीं।
सुनि सुनि सीताराम बहुत सुख पावहीं।।

काल करम गति छेकि इहै छवि नित रहौ।

निरखि निरखि सब लोग महा सुख के लहौ।।

राम केशरिया पट सजे सिया लाल को।

दुऔ प्रीति के रंग रंगे यहि चाल को।।

राम बसत नित सीय में राम में सीय हैं।

दोउन के पट कहत दोऊ एक जीय हैं।।

प्रथम चऊथ और बीचके अक्षर जोरि कै।

ए दोउ तारक सीम छनत रस घोरि कै।।

मिथिला जाउ अवध कि अवध इहाँ आवऊ।

दिन विछोह कर हम कहँ विधि न देखावऊ।।

सरवस राज अरपि नृप राखहिं राम के।

नाहिं त होइहैं विदेह जथारथ नाम के।।

नित विहार सियराम को दोऊ ठाऊँ में।

'देव' करिहिं सब भाँति कुशल दोउ गाऊँ में।।

पद -१२०

चारों दुलह चारों दुलहिनि बैठे मण्डपतर हे।

जगमग जगमग जोति निरेखो नयन भर हे।।

मौरिया की झालर झलकत मुख छवि छलकत हे।

सकुचि परस्पर चितवत हुलसत पुलकत हे।।

बड़का दुलह घनश्याम दुलहि जनु दामिनी हे।

मझिला दुलह ज्यों तमाल कनकलता कामिनी हे।।

सँझिला दुलह तन गौर सु मनहुँ निशाकर हे।
दुलहिनि साँवरि रंग अधिक सुषमा भर हे।।
अति कोमल लघु दुलह दुलहिं बेलि जन फबि रहि हे।।
कनक कदलि ढिग श्याम बेलि जनु फबि रहि हे।।
नील पीत रंग हिलि मिलि औरे रंग सरसत हे।
सकल वराति सराति हरित रंग दरसत हे।।
धन्य भाग रघुनन्दन पायउ सिय तिय हे।।
हम सब धन्य धन्यतर वर सुख लूटेउ हे।
प्राननाथ के साथ नात भल जूटेउ हे।।
कोउ छवि लखि तृण तोरति राई लौन वारति हे।
कोउ सखि दम्पत्ति मूरति हिय बिच धारति हे।।
निरखि सुमन सुर बरसत हरषत तरसत हे।
'मोदलता' तन मन वारि दम्पत्ति पद परसत हे।।

पद–१२१

दूलह राम सीय दुलहि री।
घनदामिनी वर वरन हरन मन सुंदरता नख शिख निबही री।।
ब्याह विभूषन बसन विभूषित सखि अवली लखि ठगि सीरही री।
जीवन जनम लाहु लोचन फल है इतनोह लह्यौ आजु सही री।।
सुखमा सुरभि सिंगार छीर दुहि मयन अमियमय कियो है दही री।।
मथि माखन सियराम सँवारे सकल भुवन छवि मनहुँ मही री।।

'तुलसीदास' जोरी देखत सुख सोभा अतुल न जाति कही री।
रूप रासि बिरची विरंचि मनो सिला लवनि रति काम लही री।।

पद –१२२

राजति राम जानकी जोरी।
श्याम सरोज जलद सुन्दर बर दुलहिनि तड़ित वरन तनु गोरी।।
व्याह समय सोहति वितान तर उपमा कहुँ न लहति मति मोरी।
मनहुँ मदन मंजुल मंडप महँ छवि सिंगार सोभा इक ठोरी।।
मंगलमय दोउ अंग मनोहर ग्रथित चूनरी पीत पिछोरी।
कनक कलश कहँ देत भाँवरी निरखि रूप सारद भई भोरी।।
इत वशिष्ठ मुनि उतहिं सतानंद बंस बखान करैं दोउ ओरी।।
इत अवधेश उतहिं मिथिलापति भरत अंक सुखसिंधु हिलोरी।।
मुदित जनक रनिवास रहस वस चतुर नारि चितवहिं तृन तोरी।।
गान निसान वेद धुनि सुनि सुर बरसत सुमन हरष कहैं कोरी।।
नयनन को फल पाइ प्रेम वस सकल असीसत ईस निहोरी।
'तुलसी' जेहि आनंद मगन मन क्यों रसना वरनै सुख सोरी।।

पद–१२३

रतन जड़ित मण्डपतर राजत दुलहा श्याम सलोना री।।
सिर सुन्दर सोबरनि मनि सेहरा श्रवननि झलक तरौना री।
श्याम बदन पर अलकें झलकत मानो नागिनि के छौना री।।
वाम अंग सोभित सिय सुंदरि अंग अंग छवि मन हरना री।
'प्रियासखी' ऐसी मृदु जोरी अनत नहीं कहीं होना री।।

पद -१२४

रघुवर दूलह दुलहिनि जानकी।
नील पीत जलजात सुभग अंग अंगन अति सुख मान की।।
कनक महामणि मौर मनोहर चन्द्रवदन सुख खान की।
जनु शृँगार सख्यगिरि ऊपर उग्यो जोति परभान की।
जावक चित्र पगन मेहदी कर अंजन दृगन अंजान की।
देत भामरी कनक कलश कहुँ संग लिये मन प्रान की।।
जय धुनि मंगल गान कुलाहल पुर नभ बाज निसान की।
बारहिं विविध सुमन सुर संकुल नाचहिं तिय विबुधान की।।
पुर नभ के नर नारि मगन मन विसरी सुरति अपान की।
'सूरकिशोर' सिय भाग प्रसंसत भई वधू कुल भान की।।

पद -१२५

आइ सुनैना माइ के अँगना में झाँकी झमके।
मणिमय रचना देखि चकित चित विधियो के मन थमके,
चारि दुलह दुलहिन मण्डप तर अनुपम रौनक रमके।।
माथे मौरी मौर मनोहर, जगमग जगमग जमके,
जड़ित चूनरी पीताम्बर पट अंग विभूषण चमके।
रामलला छथि श्याम सघन सिया दुलहिन दामिनि दमके,
भरतलाल छथि नील गगन सन माण्डवी प्रभा किरण के।।
लखन शत्रुहन अपरूप दुलहा जनु अनमोल रतन के,
श्रुतिकीरति उर्मिला नीलमणि दिव्य दमक दुलहिन के।।
नागरि मंगल गान करै छथि सुफल जनम जीवन के,
रंग विरंगक बाजन बाजय द्वार नगाड़ा धमके।।

शोभा सिंधु अपार अलौकिक अकथ करत वर्णन के,
'पटरानी' आनन्द मगन मन देखि विआह बहिन के।।

पद -१२६

श्रीकिशोरीजी के अंगना विलोकू बहिना।
छवि शशि मुख राम छवि निधि जानकी, रचल विधना,
कने ओम्हरो निहारू तीनू जोरी तहिना।।
माण्डवी चकोरी संग भरत चकोरवा विराजे दहिना,
श्रुतिकीर्ति संग शत्रुहन शोभे ओहिना।।
बबुआ लखन संग शोभे उरमिला दाइ उपमा विना,
सखि बूझू जेना अंगूठी में शोभे नगीना।।
कहथि 'सनेहलता' मिथिला में राखू तीन सौ साठियो दिना,
एहे पंचमी के तिथि अगहन महीना।।

पद -१२७

आई बिधना के कतेक गुनमां गाबू हे सखी।
जेहने अपन किशोरी, शोभा सिन्धु सिय गोरी,
तेहने लागि गेल जोरी, नयन जुड़ाबू हे सखी।।
जेहने माण्डवी हँसोरी, सियमुख चन्द्र की चकोरी,
तेहने भरत विभोरी, देखि सुख पाबू हे सखी।।
जेहने धीया उरमिला, तेहने श्रुतिकीर्ति सुशीला,
तेहने लखन शत्रुहन हिय में बसाबू हे सखी।।
देखि झाँकी सखी 'सनेह' सुधि बुधि भेलि विदेह,
सब मिलि राखू नित नेह जनि बिसराबू हे सखी।।

पद -१२८

सखि पश्य कोशलकान्त सुखद कुमारमति सुकुमारकम्।
मैथिल निवास विलास विलशत मदन मनोपहारकम्।।
मणि मण्डपे सीता युतं सुषमा भरं सीता वरम्।
सुविवाह कर्म विधानमति कुर्वाणमद्भुतताकरम्।।
मणि मुकुट पीताम्बर सुमध्य मुखारविन्दमनिन्दितम्।
सेन्दुर सुघन मस्तक दिवामणिमिव तड़िद्गण वन्दितम्।।
किंचित्कटाक्ष विकास विक्षित जानकी सुखमा सुखम्।
गुरुजन निकट लज्जा वशंगतमधो भावित शशि मुखम्।।
जनकात्मजार्पित दृष्टि कंकण कलितकर धृत चन्दनम्।
'रघुराज' सुखित समाज शोभित सानुजं रघुनन्दनम्।।

पद -१२९

रामचन्द्र दुलहा सुहावन लागे अति मनभावन लागे हे।
ना जानी कौशल्या माइके कोखे गुण कि रामचन्द्र रूपे गुण हे।।
माथे मणि मौरिया सुहावन लागे अति मनभावन लागे हे।
ना जानी मलिनियाँ के बनवे गुण कि रामचन्द्र माथे गुण हे।।
चन्दन दुलहा के सुहावन लागे अति मनभावन लागे हे।
ना जानी पंडितजी के हाथे गुण कि रामचन्द्र भाले गुण हे।।
कुण्ठा दुलहा के सुहावन लागे अति मनभावन लागे हे।
ना जानी सोनरवा के गढ़े गुण कि रामचन्द्र कण्ठे गुण हे।।
अंग में के जोड़वा सुहावन लागे अति मनभावन लागे हे।
ना जानी दरजिया के बनवे गुण कि रामचन्द्र अंगे गुण हे।।

चरण महावर सुहावन लागे अति मनभावन लागे है।
ना जानी हजमिनियाँ के लगावे गुण कि रामचन्द्र चरणे गुण है।।

पद–१३०

मंडप बिच जोरी चमकि रही।
मरकतमणि संग जाल रूप छवि घन-बिच दामिनि दमकि रही।
सुधा सार रस प्रेमसिन्धु लखु मिथिला छवि छुइ छलकि रही।।
तरु तमाल लहि कनकलता जनु लिपटि रही तउ ललकि रही।
चिरजीवैं यह अविचल जोरी 'योगेश्वर' अभिलाष यही।।

पद –१३१

दुलह दुलही की छवि बांकी मुबारक हो मुबारक हो।
अनूपम सखि जुगल झाँकी मुबारक हो मुबारक हो।।
लसै शिर मौर मौरी ब्याह भूषण औ बसन दोउ तन।
न उपमा मिलि सकै जाकी मुबारक हो मुबारक हो।।
अमित रतिनाथ छै लज्जित निरखि सियवर सलोने को।
त्यौं रति लखि जनकजा की मुबारक हो मुबारक हो।।
जिन्हें लखि जोगिजन तरसैं बिराजैं मध्य मंडप पर।
अहै बड़िभाग मिथिला की मुबारक हो मुबारक हो।।
मनोहर जुग्म शशि को त्यागि पल देखैं चकोरी सी।
ये आँखैं 'नेह लतिका' की मुबारक हो मुबारक हो।।

पद –१३२

ये जोरी चारु चन्दा की जिये युग युग मुबारक हो।
लसैं सिर मणिन के सेहरा तिलक युत खौर हो गहरा।

रसीले नैन में कजरा जिये युग युग मुबारक हो।।
पीत पट चूनरी छोरी बँधी हो गाँठि रस बोरी।
सुछबि निधि श्याम ओ गोरी जिये युग युग मुबारक हो।
पिया कुण्डल अलक प्यारी ओ अरुझी हो छटा न्यारी।
सखीं सब जाहिं बलिहारी जिये युग युग मुबारक हो।।

पद -१३३

सियाराम की बांकी जोरी मुबारक।
ललाई लली की लला में चमकती,
घटा बीच दामिनि सी जोरी मुबारक।।
शरदचन्द्र पूरण कलानिधि ललन मुख,
जनकनन्दिनी चख चकोरी मुबारक।
युगल रूप ए मोहते एक को एक,
दो तरफा की ए छोड़ा छोड़ी मुबारक।।

आरती पद -१३४

रंगीली आरती करू नीकी, नवलवर नौशय दुलहिनीजी की।
पगतल ललित संयुक्त महावर, रंजित नख अवली की।।
वसन वसन्ती सुकटि लसन्ती सारी मोल घनी की।
मुख सु छवी की सींव बनी की मुकुकनि वृष्टि अमी की।।
मौर मौरी की छहर छोरी की दामिनी दुति करैं फीकी।
'मोदअली' की सरबस ही की झाँकी सिय सिय पी की।।

पद -१३५

गाओ गाओ री, प्रिया प्रीतम की आरती गावो।

आस पास सखियाँ सुख दैनी, सजि नव सप्त सिंगार सुनैनी,
बीन सितार लिये पिक बैनी, गाइ सुराग सुनाओ।।
अनुपम छवि धरि दम्पति राजत, नील पीत पट भूषण भ्राजत,
निरखत अगनित रति छवि लाजत, नैनन को फल पाओ।।
नीरज नैन चपल चितवन में,रुचिर अरुणिमा सुचि अधरन में,
चन्द्र बदन की मधु मुसुकन में, निज नयना अरूझाओ।।
कंचन थार सँवारि मनोहर, घृत कपूर सुभ वाति ज्योति कर,
मुरछल चँवर लिये,रामेवश्वर हरषि, सुमन बरसाओ।।

पद -१३६

जयति श्रीजानकिवल्लभ लाल, करूँर तब आरती होऊँ निहाल।।
शीश पर क्रीट मुकुट झलकैं, कपोलन पै झुलैं अलकैं,
कान में कर्णफूल चमकै, नैन कजरारे, मोहनियाँ डारे,
नयन रतनारे, सुचन्दन कुम कुम केशर भाल।।१।।
मधुर अति मूरति श्यामल गौर, सु छवि जोड़ी राजत इक ठौर,
नहीं है उपमा कोई और, निरखि रति लजैं, मैन मद तजैं,
अंग सुभ सजैं, सु भूषण वर मुक्ता-मणि-माल।।२।।
परस्पर दोउ चकोर दोउ चन्द, प्रिया प्रिय अनुपम सुषमाकन्द,
प्रेम हिय छायो परमानन्द, मन्द मृदु हँसन, रुचिर दुति दसन,
मनोहर बसन, दोऊ सोहैं गलबहियाँ डाल।।३।।
बजत बीना सितार सुमृदंग ,सबै मिलि गावत सहित उमंग,
होत पुलकायमान अंग अंग, रंग जब चढ़त,प्रेम हिय बढ़त,
नयन जल कढ़त, मधुर स्वर गावत दै दै ताल।।४।।

स्वामिनी स्वामी कृपा अगार, प्रणतजन 'रामेश्वर' आधार,
जोड़िकर बिनवौं बारम्बार, कछू नहिं बनत, नेम तप बरत,
रहौं पद निरत, यही वर दीजै परम दयाल।।५।।

पद - १३७

युगल छवि की आरती करूँ नीकी।
गौर वदन श्रीजनकलली की, श्याम वरन सिय पी की।।
मुकुट चन्द्रिका में द्युति राजै, अगनित सूर्य ससी की।
सुन्दर अंग अंग में छवि है, कोटिन काम रती की।।
युगल रूप में सबही पटतर, उपमा हो गई फीकी।
'रामेश्वर' लखि ललित जुगल छवि, हुलसत हिय सबही की।।

पद - १३८

सुन्दर वदन विलोकि के नयनन फल लीजै।
जानकिवल्लभलाल की सखि आरती कीजै।।
कुण्डल कलित कपोल पै छुटि अलक बिराजै।
कण्ठा कण्ठ सुहावनो गजमुक्ता राजै।।
पाग बनी जड़ितार की दुपटा जड़ि तारी।
पटुका है पचरंग की मणि जड़ित किनारी।।
सियाजू की तन चुनरी लसैं जड़ि जोति किनारी।
'रसिकअली' की स्वामिनी अद्‌भुत छवि भारी।।

पद -१३९

सिया सिया वल्लभलाल की सखि आरती करिये।
दम्पति छवि अवलोकि कै हिय नयनन धरिये।।

अंग अनूप सुहावनो पट भूषण राजै।
नेह भरे दोउ रसिक सुभग सिंहासन राजै।।
मन्द मन्द मुसुकाय के सिय गुलभुज धारे।
ललकि लई उर लाय प्राण प्रीतम निज प्यारे।
ललनागण बड़भागिनी लोचन फल पावैं।
सेवहिं भाव बढ़ाय के नित नव गुण गावैं।।
चँवर छत्र कोउ लिये बाजने बिपुल बजावैं।
'प्रेमलता' उर उमगि सुमन नचि नचि बरसावैं।।

द्वार छेकाई पद - १४०

द्वार की छेकाई नेग लूँगी मनभाई हाँ तब जाने दूँगी,
कोहवर सदन सुहाई।।
सकुच विहाय दीजै दीनी है जो माई, हाँ तब जाने दूँगी।।
चाहे सोई मानिये जो कहूँ समुझाई, हाँ तब जाने दूँगी।।
कीजै मेरे भैया से निज बहिनी की सगाई, हाँ तब जाने दूँगी।।
'मोद' नहीं तो लीजै सिया शरणाई, हाँ तब जाने दूँगी।।

पद -१४१

छाड़ब नाही दुआरी हो सुनिये रघुनन्दन।।
जबहीं कोहबर चले रघुनन्दन सखियन छेकल दुआरी।
नेग दिये बिना जो पग धरिहो दूँगी मैं गारी हजारी।।
जो नहिं राखत साथ पदारथ बेचो बहिनी महतारी।
सकुचत 'जनहरिनाथ' न बोलत विहँसत अवध बिहारी।।

कुल देवता पद - १४२

यह आपकी कुल देवता इन्हें सादर शीश नवैये।
करजोरि सु विनय सुनैये, करुणा पर बलि बलि जइये,
अब नेकु न विलम्ब लगैये।।
शुभ आसन दै बैठैये, पग धो जल शीश चढ़ैये,
मधु मेवा भोग लगैये।।
इत भेजी हैं आपकी मइये, आय देखन चारों भइये,
'अलि मोद' सुभाग्य मनैये।।

जुआ पद - १४३

जुआ खेलो कुमर वर चार बाजी लगाइ के।
जो तुम जीतो अवध में चलिहौं, लोक लाज कुल छाड़ि,
सिय संग उमगाइ के।।
जो हारी दीजिये मेरे भैया को, करि मंगल उपचार,
बहिनी निज सगाइ के।।
बिहँसि बिहँसि कौड़ी कर भाँजै, निज निज दाँव सँभार,
सुख रस सरसाइ के।।
खेलत 'मोद' अजित वर हारे सखियन दीनी हहार,
ताली बजाइ के।।

पद -१४४

हे चारो दुलहे, सम्हलि कौड़ी खेलो।
बाजी की बातें प्रथम तय कर लो पीछे न कीजो झमेलो।।

जौ हारे मिथिलानी कदाचित दासी बना संग ले लो।
अगर आप हारे रघुनन्दन मिथिला में रहु बनि चेलो।।
विहँसि विहँसि कौड़ी फेकन लागे, जीते अली अलबेलो।
'स्नेहलता' कर पकड़ि ललन के, बोली की बाजी देलो।।

बाती मिलावन पद -१४५

नौशय चारों नवल वर कोहबर राजहिं हे।
जुरि रही अलिन समाज हास्य रस छाजहिं हे।।
सोने की दिअरा नगनजरि रेशम बाति हे
कनक थार महँ बारि दुइ लाई रंग राति हे।।
लालन यह दोउ दीपक एक संग जोरिये।
याको अमित प्रभाव न जानिये थोरिये।।
जौं यह दोनों टेम आप कर जूटिहैं।
दम्पति चारु सनेह न कबहूँ टूटिहैं।।
सुनि मुख डारि रूमाल हँस्यो दृग बाँकि कै।
सखियन भयउ निछावरि छवि रस छाकि कै।।
कोउ कहि बिनु बोले आवत नहिं सकुचाय जू।
बातिहिं बाति मिलावत काहे लजाय जू।।
लाल कह्यो हँसि भौरहिं कौन बुलावहीं।
शोभा करन प्रसून आप चलि आवहीं।।
दीपकला भल जानहिं 'मोद' सुवाम हैं।
मनसों मनहिं मिलावन मेरो काम है।।

महुअक (लहकौरी) पद -१४६

लहकौरि करत पिय प्यारी।
जनक नगर की अली चतुर सब गावत रस की गारी।
लक्ष्मीनिधि प्रिया चतुर शिरोमणि सुसमै हृदय बिचारी।
बोली सुनहु प्राण मम वल्लभ हम हैं ओर तुम्हारी।।
तुम जीतौ तब सखी सिय जीतौ जो कदापि हैक हारी।
तब हम तुम्हें जीतिहैं सियजू फुर कहि दोउ हिय धारी।।
प्रेम हार निज निज घातैं करि पकर्‌यो अवध बिहारी।
तब सिय ललकि भौंह करि बांकी मन हरि गहि सुकुमारी।।

पद -१४७

आज न लजाओ मधुर मिलनवां हे।
मीठी मीठी खीर खाओ सजनी-सजनवां हे।।
मधुर मधुर खीर प्रीति के कारणवां हे।
धनियां खिलाये खाये पिया जीवन धनवां हे।।
मुसुकि मुसुकि बोले सरहोज बचनवां हे।
धनी हाथे खीर खाये, लाज न नयनवां हे।।
पहिले खिलावो खीर धनी के सजनवां हे।
प्राण प्राण एक आज मधुर जीवनवां हे।।
हँसि हँसि साली कहे सुनो जी पहुनवां हे।।
दोनों एक साथ खाओ तोड़ि के बंधनवां हे।।
सखियन गावैं गीत प्रीति के कारणवां हे।
दुई तन एक प्राण सजनी सजनवां हे।।

पद -१४८

दुलहा किया आहाँ रूसल छी ससुरारी में
खीर परसल थारी में ना।।
व्यंजन भाँति भाँति तैयारी जेमू अवधबिहारी,
एहन स्वाद ने पायब कौशल्या सोहारी में।।
लीय निमकी अँचार जेमू अवध सरकार
एहन स्वाद ने पायव सुमित्रा तरकारी में।।

पद -१४९

खीर खैयो ने दुलहा लजैयौ एना।।
सारी छथि सोझा सरहोजि छथि सोझा,
छति विधकरी करथि विधि ना।।
एकटा हमर बात मानू यो रघुवर,
आज केर खीर नै करियौ अनादर,
महुअक के थारी होयत सपना।।
'रमण' सुमन केर मान आइ रखियौ,
महुअक खीर आहाँ कनिको चिखियौ,
अहीं कहू हम मनैयो कोना।।

कोहवर हास्य पद - १५०

लखि कौतुक घर में नारि हँसि हँसि पूछति हैं रघुवर से।
तुमहिं जगत को सार कहहि मुनि कहि न सकति हम डर से।।
तुम नहिं पुरुष न नारि कहहिं श्रुति खेलहु खेल मकर से।
सो लखि परत मकर कुण्डल से और किशोर उमर से।।

दशरथ गौर कौशल्या गोरी तुम श्यामल केहि घर से।
दोऊ के हरि ध्यान प्रगट भये अस हमरे अटकर से।।
व्यङ्ग चतुरता गारी सुनिके देखा राम नजर से।
भई कृतारथ 'देव' मनावहिं जनि ए जाहिं नगर से।।

पद -२५१

कोहवरवा की शोभा अपार है, जहाँ खासा नवल दरबार है।।
मदमाती सखी इठलाती, मुसुकाती हुई बलखाती,
बिच बैठे कुमर वर चार हैं।। को.।।
कोउ पानो के बीड़े खवाती, कोउ लालन से आँखे लड़ाती,
करती महफिल में नखड़े हजार हैं।। को.।।
कोउ मीठी सी गाली सुनाती, कोउ मीठी दिलग्गी उड़ाती,
तेरे कुल का कवन व्यवहार है।। को.।।
कोउ पूछे मुसुकि दय तारी, कहु को थी सगर की नारी,
कैसे व्यानी वो साठि हजार है।। को.।।
सुनि संसय लगे बड़भारी, तेरी बहिनी बेकहल छिनारी,
कैसे बाबाजी उनका भतार है।। को.।।
यह कोहवर 'सनेहलता' गावे, मिथिलानी महा सुख पावे,
हम लालन के लालन हमार हैं। को.।।

पद -१५२

श्री कोहवरवा घरवा राजैं बरवा चार गुइयाँ।
हँसनि हँसावनि की हो रही बहार गुइयाँ।।

कमल कली सी चहुँदिशि नव नार गुइयाँ।
बीच में बिराजे अलवेले चारों यार गुइयाँ।।
चमर चलावती छवीली छबि वार गुइयाँ।।
बिरिया खवावती सुगंध बहु डार गुइयाँ।।
झूमि झूमि झाँकें सब झाँकी मजेदार गुइयाँ।।
हरसत सुख सरसत बेसुमार गुइयाँ।
बोली सिद्धि प्यारी सुनो अवध व्यवहार गुइयाँ।।
होत रघुवंश में पुरुषो गर्भाधार गुइयाँ।
रहे युवनाश्व एक राजा गुणागार गुइयाँ।।
जाय मानधाता सुनि परेउ हहार गुइयाँ।।
सुदुमन भये इला कुमरि उदार गुइयाँ।
कुलटा पुरुरवा जनाइ करि जार गुइयाँ।।
तीस दिन तिया रहैं पुरुष तीस वार गुइयाँ।
सुनते हँसेउ सब दै दै ठहकार गुइयाँ।।
सुमति सयानी एक भई दिमागदार गुइयाँ।
व्यानी एक बारहीं में साठि हजार गुइयाँ।।
शान्ता छिनारी जोग भेटे ना भतार गुइयाँ।
तपसी के गर बांधे जानत संसार गुइयाँ।।
अवध की तिया सब अतिहिं खेलार गुइयाँ।
पायस से पैदा किये 'मोद' प्राणाधार गुइयाँ।।
सकल छबीली छवि छकि भई न्योछार गुइयाँ।
परानन्द फूली भूली अपनी परार गुइयाँ।।

पद –१५३

राम लखन सन सुन्दर वर के जनि पढ़ियौन केव गारी हे।
केवल हास विनोदक पुछियौन उचित कथा दुइ चारी हे।।
प्रथम कथा ई पूछियौन सजनी कहता कनेक विचारी हे।
गोरे दशरथ गोरी कौशल्या भरत राम किय कारी हे।।
सुनु सखि एक अनुपम घटना अचरज लागत भारी हे।
खीर खाय बालक जनमौलनि अवधपुरी की नारी हे।।
अकथ कथा की बाजू सजनी रघुकुल के गति न्यारी हे।
साठि हजार पुत्र जनमौलनि सगरक नारि छिनारी हे।।
'स्नेहलता' किछु आब न कहियौन एतवे करथि करारी हे।
हँसी खुशी मिथिला से जयता भेजि देता महतारी हे।।

पद –१५४

हिनकर पक्ष आब हम करबैन्ह अहाँ धुसइथियैन्ह हिनका की।
हमर अपन केहनो छथि पाहुँन ताइ सँ मतलब अनका की।।
अपन वस्तु पर अपन खुशी थिक अछि कानून जहाँ ताकी।
अपन बहिनि के बेचिये देलनि ताइ सँ मतलब अनका की।।
साठि हजार बियइलथिन पुरखिन किन्तु करइ छी निन्दा की।
दुख सुख जनलनि जे जनमैलनि ताइ सँ मतलब अनका की।।
गट गट गारि सुनुथि सब लालन मगर मरम्मत करता की।
'स्नेहलता' मुसुकाथि लजायल असल बात में बजता की।।

पद –१५५

हँसि हँसि सुन्दरी सहेली सियाजी के घेरि घेरि वैसली,
आब की की देब हमरा बताबू हे लली।।